


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif kalawan make metode kuasi eksperimen. Pamarekan kuantitatif mangrupa pamarekan nu sipatna tradisional, lantaran geus lila dipaké dina panalungtikan, sarta geus jadi tradisi. Nurutkeun Sugiono (2018, kc.7 disebut pamarekan kuantitatif lantaran hasil data panalungtikanna mangrupa angka-angka, sarta dina analisisna make élmu statistika.

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta métode kuasi ékspérimén. Nurutkeun Sugiono (2018, kc. 72) métode kuasi ékspérimén nyaéta métode panalungtikan anu dipaké pikeun néangan pangaruh tina hiji variabel jeung variabel séjén nu geus dirancang dina kondisi anu geus kakontrol. Désain nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *One-Group Pretest-Posttest Desain*, Ieu desain bisa digambarkeun saperti di handap:



Bagan 3.1
One-Group Pretest-Posttest Desain

Keterangan:

O₁ = (nilai pretest) kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran kooperatif jigsaw

O₂ = (nilai posttest) kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa sanggeus ngagunakeun modél pangajaran kooperatif jigsaw

X = modél pangajaran kooperatif jigsaw pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa.

(Sugiono, 2018, kc. 74)

3.2 Sumber Data

Sumber data mangrupa salasahiji bagéan anu penting tina panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 129) sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék anu ngahasilkeun data dina panalungtikan.

Sumber data dina ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 1 Garut anu aya di Jln. Ahmad Yani No.43, Pakuwon, Kecamatan Garut Kota, Kabupaten Garut Jawa Barat 44117. Sumber data dina panalungtikan nyaéta siswa kelas VIII A SMPN 1 Garut Taun Ajaran 2020-2021 anu jumlah siswana aya 34 siswa, 19 siswa lalaki, jeung 15 siswa awéwé. Sangkan leuwih jelas, titénan ieu tabél di handap.

Tabél 3.1

Jumlah Siswa Kelas VIII A SMPN 1 Garut

Kelas	Siswa Lalaki	Siswa Awéwé	Jumlah
VIII A	16	15	34

3.3 Intrumén Panalungtikan

Alat ukur dina panalungtikan biasana disebut intrumén panalungtikan (Sugiono, 2018, kc.102). Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) instrumén nyaéta alat nu dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan kagiatan panalungtikan jadi sistem anu babari dipigawé, dina harti nu leuwih akurat, lengkep jeung sistematis sangkan leuwih gampang diolahna. Instrumén panalungtikan dibagi jadi opat rupa nyaéta observasi, interview (wawancara), question (angkét), jeung tés (Kuswari, 2008, kc. 19).

Intrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun tés. Tés nyaéta alat atawa prosedur nu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa maham eusi matéri carita pondok dina nangtukeun aspék struktur, aspék unsur jeung aspék kabasaan. Wanda tésna nyaéta tés tulis nu wangun tésna objéktif PG kalayan 4 pilihan (a,b,c,d). Jumlah soal tésna aya 30 soal. Ieu hal digunakeun sangkan panalungtik bisa objéktif dina méré peunteun. Sangkan leuwih jentré, ieu di handap dipedar kisi-kisi pikeun méré watesan ngeunaan instrumén anu bakal dibikeun ka siswa. Kisi-kisina saperti ieu di handap.


Tabél 3.2
Kisi-Kisi Pretest jeung Posttest

No.	Matéri Carita Pondok	Nomor Soal	Jumlah Soal
1	Struktur		
	1. Narasi	1,4,29	3
	2. Dialog	2,3,28	3
2	Unsur		
	3. Téma	5	1
	4. Tokoh	6,7,18,30	4
	5. Latar	8,9,10,13,14	5
	6. Galur	17	1
	7. Amanat	19,25	2
3	Kebahasaan		
	8. Gaya Basa	15,16,20,21,24	5
	9. Kalimah Langsung	22,27	2
	10. Kalimah Teu Langsung	23,26	2
	11. Pikiran Utama	11,12	2
	Jumlah	30	30

Salian ti éta, ieu panalungtikan dibarung ku media pangrojong sangkan tujuan pangajaran kahontal. Média pangajaran anu digunakeun nyaéta *Power Point*, *WA Group*, *Google Meet*, *Google Forms* ogé *Zoom Meeting* pikeun nepikeun eusi matéri pangajaran.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Prosedur atawa alur panalungtikan nétélakeun léngkah-léngkah nu bakal dilaksanakeun dina panalungtikan. Sangkan leuwih jèntre, titénan bagan prosedur panalungtikan ieu di handap.



Bagan 3.2
Prosédur Panalungtikan

a. Identifikasi masalah

Dina ieu prosédur panalungtikan, dimimitian ku ngaidentifikasi pasualan-pasualan anu aya patalina jeung pangajaran maca pamahaman carita pondok di kelas VIII A SMPN 1 Garut. Idéntifikasi pasualan dilakukeun ngaliwatan observasi pasualan anu karandapan ku siswa ogé guru sacara langsung di kelas. Katitén pasualan anu karandapan téh aya dina faktor internal jeung éksternal, nyaéta minat jeung motivasi siswa dina maca pamahaman carita pondok nu kurang antukna siswa teu maham kana aspék struktur, unsur jeung kabasaan carpon, métode pangajaran anu monoton jadi kurang pikaresepeun siswa, waktu palajaran anu samporét jadi siswa teu kaaping ku guru pelajaran dina maham matéri ajar.

b. Rumusan Masalah

Sabada aya pasualan anu kapanggih dina ngaidentifikasi pasualan, satuluyna dirumuskeun éta pasualan jadi sababaraha patalékan nu baris dijawab ngaliwatan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, pasualan dirumuskeun nu patali jeung kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII A SMPN 1 Garut saméméh jeung sanggeus ngagunakeun model pangajaran kooperatif jigsaw. Satuluyna naha aya bédana dina ngaronjakeun kamampuh maca pamahaman carita pondok saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran kooperatif jigsaw.

c. Ngumpulkeun data

Ngumpulkeun data dina prosédur panalungtikan dilakukeun ku cara nyieun intrumén ngaliwatan tés dina wangun *pilihan ganda*, pikeun ngukur kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran kooperatif jigsaw jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran kooperatif jigsaw di kelas VIII A SMPN 1 Garut.

d. Nganalisis Data

Sanggeus ngalakukeun tés sangkan nyangking data, satuluyna dikumpulkeun tuluy dianalisis data ngaliwatan software SPSS pikeun nguji kuasi éksperimen tina data nu dicangking ti kelas VIII A SMPN 1 Garut.

e. Kacindekan

Pamungkas dina ieu panalungtikan, pikeun nyindekeun hal- hal anu geus dicangking hasil tina panalungtikan nu geus dipedar tuluy dicindekkeun sangkan leuwih muneul jeung dipikaharti.

3.5 Téhnik Analisis Data

Analisis data mangrupa kagiatan nu dilakukeun sanggeus kabéh data geus kakumpul. Téhnik analisis data ngagunakeun pamarekan statistik. Dina panalungtikan kuantitatif. Aya sababaraha tahap nu kudu dilaksanakeun dina teknik analisis data, nu ditétélakeun di handap.

- 1) Mariksa hasil pretest jeung posttest maca pamahaman carita pondok siswa dumasar kana tilu aspék dina tabél 3.4 ieu di handap.

Tabél 3.3
Rubrik Meunteun Maca Pamahaman Carita Pondok

No	Aspék	Skor	Kritéria
1	Struktur	0	Kurang Pisan: euweuh jawaban anu bener
		1-2	Kurang: saeutik jawaban anu bener, loba anu salah
		3-5	Hadé: loba jawaban anu bener, saeutik anu salah

No	Aspék	Skor	Kritéria
		6	Hadé Pisan: euweuh jawaban nu salah
2	Unsur	0	Kurang Pisan: euweuh jawaban anu bener
		1-4	Kurang: saeutik jawaban anu bener, loba anu salah
		5-12	Hadé: loba jawaban anu bener, saeutik anu salah
		13	Hadé Pisan: euweuh jawaban nu salah
3	Kebiasaan	0	Kurang Pisan: euweuh jawaban anu bener
		1-4	Kurang: saeutik jawaban anu bener, loba anu salah
		5-10	Hadé: loba jawaban anu bener, saeutik anu salah
		11	Hadé Pisan: euweuh jawaban nu salah

(Nurgiantoro,2014, kc. 392) kalayan diropéa nyaluyukeun jeung kabutuhan sarta kondisi siswa.

- 2) Méré peunteun jeung nganalisis hasil tés kamampuh maca pamahaman carita pondok nalika saméméh ngagunakeun modél pangajaran kooperatif jigsaw jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran kooperatif jigsaw. Carana saperti ieu di handap:

$$P = \frac{\sum B}{\sum KT} \times 100$$

Keterangan:

P = Peunteun

$\sum B$ = Peunteun anu kahontal

$\sum KT$ = Peunteun maksimal

Katégori = peunteun ≥ 70 siswa dianggap mampuh maca pamahaman carpon.

peunteun ≤ 70 siswa dianggap can mampuh maca pamahaman carpon.

- 3) Ngasupkeun data peunteun tés awal jeung tés ahir kana tabél ieu di handap.

Tabél 3.4
Format Peunteun Maca Pamahaman Carita Pondok

No Absén	Aspék Kamampuh Maca Pamahaman Carita Pondok											Nilai	Katégori
	Struktur		Unsur					Kabasaan					
	A	B	C	D	E	F	G	H	I	J	K		

Keterangan:

A = Narasi

B = Dialog

C = Téma

D = Tokoh

E = Latar

F = Galur

G = Amanat

H = Gaya Basa

I = Kalimah Langsung

J = Kalimah Teu Langsung

K = Pikiran Utama

3.5.1 Uji Sipat Data

Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis ngagunakeun aplikasi SPSS PASW *Statisticcal Product and Service Solution*. Ieu aplikasi bisa ngarojong panalungtik pikeun ngolah, ngitung, jeung nganalisis data dina panalungtikan sacara statisik. Data anu dianalisis nyaéta data kamampuh maca siswa saméméh jeung sanggeus maké modél pangajaran kooperatif jigsaw (data input), éta data teh tuluy dijabarkeun dina hasil analisis SPSS (data output) *versi 25*.

3.5.1.1 Uji Normalitas

Nurutkeun Sugiono (2018, kc. 7) Uji normalitas digunakeun pikeun nangtukeun yén data nu dipaluruh miboga distribusi anu normal atawa teu normal. Statistika paramétris dipaké saupama data dina unggal variabel panalungtikan anu rék dianalisis miboga distribusi anu normal, upama data panalungtikanana miboga distribusi anu teu normal, teknik anu dipaké nyaéta teknik statistika nonparametris.

Pikeun nangtukeun normal henteuna distribusi data nu rék ditalungtik, bisa make uji *Kolmogorov-Smirnov* dina aplikasi SPSS. Anapon hipotésis pikeun uji normalitas data dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

H_0 : data miboga distribusi anu teu normal.

H_a : data miboga distribusi anu normal.

Taraf signifikansi anu dipaké nyaéta 5% (Sig => 0.05) Kritéria pikeun nguji saperti ieu di handap.

- a. Upama nilai Sig. > 0.05. H_0 ditolak, hartina data nu ditalungtik miboga distribusi nu normal.
- b. Upama nilai Sig < 0.05, H_a ditarima, hartina data nu ditalungtik miboga distribusi nu teu normal.

3.5.1.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis dilakukeun pikeun nguji bebeneran hiji pernyataan sacara statistik, ogé nangtukeun ditarima atawa ditolakna hipotesis.

Upama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji hipotesis datana, maké cara statistika paramétris kalawan ngagunakeun uji *Paired Samples Test*, sedengkeun upama datana miboga distribusi anu teu normal, digunakeun cara statistika nonparamétris kalawan uji *Wilcoxon Match Pairs Test*.

Pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

H_0 (Hipotesis nol) = Teu aya bédana dina kamampuh maca pamahaman carita pondok siswa kelas VIII A SMPN 1 Garut saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran Jigsaw.

H_a (Hipotesis alternative) = Aya bédana dina kamampuh maca pamahaman siswa kelas VIII A SMPN 1 Garut antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran Jigsaw.

Kriteria:

H_0 diterima atau H_a ditolak, apabila nilai signifikansi (sig.) ≥ 0.05

H_a diterima atau H_0 ditolak, apabila nilai signifikansi (sig.) ≤ 0.05